ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№4 (23.162) • 2016 гъэм щІышылэм (январым) и 15, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий «Спартак-Налшык» футбол клубым и унафэщІхэм яхуэзащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. дыгъуасэ яхуэзащ «Спартак-Налшык» футбол клубым и унафэщІхэм. ЗэІущІэм кърихьэлІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі Мусуков А. ТІ., КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Къуэдзокъуэ М. М., КъБР-м спортымкІэ и министр Хьущт А. В., «Спартак-Налшык» клубым и генеральнэ директору ягъуэва Бышэн А. А., командэм и гъэсакІуэ нэхъыщхьэ Быджий Хь. Э., клубым и кІэлъыплъакІуэ советым и тхьэмадэ Берд Хь. А. сымэ.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м и футбол клуб нэхъыщхьэм адэкІи зегъэужьыным, республикэм и сабий-ныбжьыщІэ спорт школхэм защІэгъэкъуэным, зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэль спортсменхэр егъэджэнымрэ гъэсэныгъэ япыщІа Іуэхуэхэм. КъБР-м и Іэтащхьэм къыкИгъэхъуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и футболистхэм зыхэт гупым зэфІэкІышхуэ къыщыгъэлъэгъуэн папщІэ клубым и унафэщІэхэм гъэсакІуэхэмрэ зэхъуэту зэдэлэжьэн зэрыхуейр.

Мы зэманым «Спартак-Налшык» зыхэт етІуанэ дивизионым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм увыпІэ лъагэ щиІыгъщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Илъэсыщ Іэ тыгъэ

• Пшыхьхэр

Бэрэжьей кІуам, щІышылэм и 13-м, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэм «Акрополь» щэнхабзэ-зыгъэпсэхупІэ центрым щагъэлъэпІащ Урысей Печатым и махуэмрэ Илъэсыщ Іэр къыдэрихьамрэ. Илъэс куэд щІауэ зэдэлажьэ, къалэмыр жану зыгъабзэ журналистхэм, газетыр екІуу зэхэзыгъэувэ Іэщ Іагъэлі Іхэм, абы епха нэгъуэщІ къалэнхэр зи пщэ къыдэхуэ лэжьакІуэ емызэшхэм пшыхь дахэ къахуэзыригъэпэщат «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд.

ГАЗЕТЫМ и унафэщІхэмрэ и лэжьакІуэхэмрэ къапащытэжащ 2015 гъэм редакцэм щекІуэкІа лэжьыгъэр, абы къытрадза хьыбар гъэщІэгъуэнхэр, кьайхъуІахэмрэ зыхуэнэмысу къэнахэмрэ, апхуэдэуи дыдэрыт илъэсым я мурадхэмрэ я Іуэхум щІауэ халъхьэну ягугъэхэмкІэ зэдзэгуэшащ. Пшыхьым хэтащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфі ыцІэ Мухьэмэд.

ГАЗЕТЫМ и унафэщІхэмрэ и лэжьакІуэхэмрэ къапащытэжащ 2015 гъэм редакцэм щекІуэкІа лэжьыгъэр, абы къытрадза хьыбар гъэщІэгъуэнхэр, кьайхъуІахэмрэ зыхуэнэмысу къэнахэмрэ, апхуэдэуи дыдэрыт илъэсым я мурадхэмрэ я Іуэхум щІауэ халъхьэну ягугъэхэмкІэ зэдзэгуэшащ. Пшыхьым хэтащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд.

ЦІэрыІуэ **Мэзыхьэ Борис**, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и щІэныгъэ лэжьакІуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, литературоведэ **БакІуу Хъанджэрий** сымэ.

ХьэщІэхэм хъуэхъу псалъэкІэ захуигъэзащ «Акрополь»-м и унафэщІ **Къардэн Хьэсэн**. Абы «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд фІыщІэ хуищІащ лъэпкъ Іуэхур игъэкІуатэу, адыгэбзэкІэ къыдэкІ газет закъуэм и пщІэр иІэту зэрылажьэм папщІэ. Илъэсыщ Іэ тыгъэу ХьэфІыцІэр Къардэн Хьэсэн хуэупсащ тхакІуэ цІэрыІуэ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ и Іэдакъэщ Іэкі эхэр щыізэхуэхьэса, том 20 хьууэ иджыбларэ дунейм кьІэтехьа тхьилъхэмкІэ.

ШЫПШ Нащхьэ.

• КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Бжьыхьэр берычэту щытащ

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зэІущІэм Правительствэм щыхухаха зэманым хиубыдэу депутатхэр хэпльащ 2015 гъэм и бжьыхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэщыщІэхэм ираГъэкІуэкІа лэжьыгъэм къриКІуахэм.

Говоров Сергей

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщім и япэ къуэдзэ - КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Говоров Сергей и докладым къызэрыщигъэлъэгъуамкІэ, 2014 гъэм елъытауэ бжьыхьэ кІуам гъавэр щыІуахьжа щІыхэр зы процентКІэ нэхъыбэщ икІи псори зэхэту гектар мин 208-м ноблагъэ. Гъавэу, джашхэкІыу зы гектаркІэ зэхэту тонн мин 213,4-рэ зэщІакъуэжащ. Нартыхуу кърахьэлІэжар тонн мин 774-м ноблагъэ, а къэкІыгъэм гектар ЗЗС хуэзэу центнер 56-рэ къытащ.

КъэкІыгъэхэр зехьэным и Іьэныкъуэкіэ гупыгъэ хэха хуащІащ пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадзэкІэхэмрэ. А продукцэ лІэужьыгъуэхэм ящыщу 2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщрахьэлІар зэрыщытру республикэм хурикъунущ.

Республикэм и губгъуэхэм бжьыхьэ-щІымахуэ лэжьыгъэхэр щынагъэблагъащ. Мэкъумэшыщ Іэхэм бжьыхьэсэ къэкІыгъэхэр гектар мин 57,8-м трасащ. Абыхэм ящыщу гъавэзэкІхэр гектар мин 53,8-рэ мэхъу. ЩІыІэрысу гектар мин 210-рэ (планым и процент 87-рэ) яВащ. Иджыпсту дэнэ щІыпІи Іэщ щр зыхуей щыхуагъаз, щІыгъэпшэрхэр, жылапхъэхэр, дагъэмрэ гъэсныпхъэхэмрэ кърашалІэ.

Мэкъумэш хозяйствэм щІэгъэхуэбжьауэ зиужьын папщІэ республикэм зыхъэбгъэдэн щымыІэ Іэмалыкфіэр и куэдщ. Дэ ди ваПІэхэр фІы защІащ, мэкъумПІэхэмрэ хъупІэхэмрэ ди куэдщ, а псори тэмэму къызэрагъэзэбэпынум ди цІыхухэри хуэІэкІуэлъакІуэщ. Ауэ лэжьыгъэхэр нэхъри нэхъыфІу екІуэкІынымкІэ дызыхуэнэмысхэри щыІэщ.

Къапщтэмэ, республикэм и мэкъумэшыщІэхэм я Іэдакъэщ Іэкі эр ящэн папщІэ зэран къажъхъэр мащІэкъым, абы хэм ящыщІу мэкъумэш кооперативхэм я бэзэрхэр зэрыщымыІэр, жармыкІэхэр тэмэму къызэрызэрамыгъэпэщыр, нэгъуэщІхэри.

Иджыпсту къэув къалэнхэм ящыщщ хозяйствэхэр техникэкІэ нэгъэсауэ къызэрыгъэпэщыныр, Іэщ лъэпкъыфІхэр нэхъыбэ щІыныр, мэкъумэш продукцэ лІэужьыгъуэмрэ куэдагъыкІэ мэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэхэм, уней лъапсэхэм яхуэзэфІэкІынур къэлъытэныр.

Апхуэдэу мыхьэнэшхуэ иІэнущ мэкъумэш предприятэ инхэр къэгъэщІэрэщІэжьныкІэ ящыщІу. Абыхэм я бжьыгъэм хэгъэхъуэныкІэ. А Іуэхум ухъакІэ хъунущ уней лъапсэхэм илэжьыхьхэр. Мэкъумэш кооперацэм зрагъэужьу хуэжьэмэ, лэжьапІэ Іэнатіэхэм я бжьыгъэми хагъэхъуэфынущ.

Арэзы ухъипІыркъым клейковинэм процент 28 - 36-рэ зыхэлъ хьэжьигъэ къыхэкІын хуэдэу бжьыхьэсэ гуэдзым и фІагъыр егъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэми. И чэзу хъуащ ваПІэхэр, мэкъумэшыщІэхэм ядэІэпыкъун папщІэ къэралым къиутІупщ ахъшэр къыззрагъэсэбэпым къриКІуэхэм нэхъ тКІийуэ кІэлъыплъынущ.

Зэ Іущ Іэм апхуэдэу къыщаІэтащ былым лъхъэнПІэнкІэ зэрызэрахьэм, бэджэнду къыІаха щІы Іыхьэхэр къызэрагъэсэбэпым пыщІа Іуэхуэхэр.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ щІэупщІащ «Фермер лэжьыгъэм пэрыуватащІэхэм ядэІэпыкъунымрэ», «Мэкъумэшыщ Іэ (фермер) хозяйствэхэм я унагъуэ Іэщ фермэхэм зегъэужьыныр» программэхэм ящхъ иткІэ къэралым и дэІэпыкъуныгъэ зратхэм я лэжьакІэм зэрыкІэлъыплъ щІыкІэм. Говоров Сергей зэрыжиІамкІэ, министерствэм и Жылагъуэ советым щІыгъуу лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ. Зэпымыуэ къапщытэ лэжьапІэ Іэнатіэщ Іэу къызэрагъэпэщхэм я бжьыгъэр, езы хозяйствэхэм я зэфІэкІым зэрызыужьыр, нэгъуэщІхэри.

Зэ Іущ Іэм къыщ Іэсэлъахэм ящхъ иткІэ депутатхэм къащтащ КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм яхуэгъэза чэнджэщхэр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.

• Хъыбар гуапэ

Къэралым и унафэщІым текІуэныгъэм трегъэгушхуэ

Мудрэн Беслъэн Путин Владимир йобэн.

Дыгъуасэ ди газетым тета «Къэбэрдейхэр японхэм хъыжьагъэкІэ йофІэкІ» тхыгъэмрэ абы дэщІыгъуа сурэтымрэ къапытщэну Іэмал хъарзынэ къытхуэкъуэкІащ. Къэралым и унафэщІым адыгэхэм псалъэ гуапэхэр тхужезыгъэІа, Европэм дзюдомкІэ тІэунейрэ и чемпион, нэгъабэ Европей джэгухэм щытекІуа Мудрэн Беслъэн зыпытщІэну къыдэхъулІащ.

МУДРЭНЫМ къызэрыджИамкІэ, Президентыр къазэрыхэкІэнымкІэ хъыбарыр илъэс блэкІар щиух дыдэм кърагъэщІащ. ПІалъэр къэса иужькІэ дзюдомкІэ командэ къыхэхар Сочэ щызэхуашэсащ. Ди республикэм щыщу, езым къищынэмыщІауэ, абы ирагъблагъат гупым и тренер нэхъыжь Гъэунэ Анзоррэ иджыблагъэ къэралым и чемпион хъуа Занкишиев Къазбэчрэ.

Путиныр кимоно щыгъуэ къыщыхьэри, япэщІыкІэ гупым и тренер нэхъыщхьэ Гамбэ зы мащІэрэ ебэнащ. ИтІанэ зызыгъасэ спортсменхэм яхьхьащ. Мудрэным и гъусэу зэрытрадзэ Іэмал гуэркэр щагъэлъагъуэм, къеупщІащ Олимпиадэм зэрызыхуиГъэхьэзыр щыкІэмрэ и мурадхэмрэ.

Беслъэн къэралым и Іэтащхьэм жриІащ Рио-де-Жанейрэ кІуэну зэрызиГъэхьэзырыр икІи Іэмал имыІэу медалхэм зэрыщІэбэнынур.

- Сыт хуэдэ медаль узыщыгугъыр? - щІэупщІащ Путиныр.

- Дауи, дыщэращ, - жэуап пыухыкІа итащ ди щІалэм.

Хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэу къиІытэхэм щыщІэупщІэм, Беслъэн жиІащ Европеим щыщ Такато Наохисэ апхуэдэу зэрыщытыр. Нэхъапэм ахэр зыбжанэрэ зэпэщІэхуати, гъэрыгъуэрэ текІуэныгъэр зыІэрагъэхьащ. Иджы Олимпиадэм Мудрэным щичэзуэу къеІытэ.

Урысей Федерацэм и Президентым игу къэкІыжащ Такаторэ Мудрэнымрэ иужьу зэрызэбэнар зэриІьэгъуар. Зыщыщ лъэпкъыр зриГащІэри, къыпищащ: «Сыт жыпІэр?! Къэбэрдейхэр японхэм нэхърэ куэдкІэ нэхъ лъэщщ. ИІэ, ятекІуэ...»

Зобэнхэр яуха иужькІэ зэхэта зэІущІэм Путиным щыжиІащ къэбэрдейхэр японхэм хъыжьагъэкІэ ефІэкІыу къызэриІытэр. Ар ди лъэпкъэгъуэхэм я гуапэ зэрыхъуар наІуэщ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, Мудрэн Беслъэн спортым зэрыхьхьар самбращ. 2007 гъэм ар Урысей Федерацэм и чемпион хъущ икІи дунейпсо зэпеуэм дыжьын медалыр къыщихьащ. Абыхэм къыхэкІыу «Дунейпсо классымкІэ спортым и мастер» цІэ лъапІэр кьІэфІащащ. Арщхьэкіэ иужькіэ дзюдор къыхихьжащ. Зэман кІэщІым къэрыбыдэу (2008 гъэм) абыкІи къэралым щытекІуащ. Адэкіэ Европэм и чемпион (2012, 2014 гъэхэм), дунейпсо зэхьэзэхуэм и вице-чемпион (2014) хъуащ. Абыхэм къапэкІуащ «Урысей Федерацэм дзюдомкІэ щІыхь зиІэ и мастер» цІэр. Нэгъабэ Баку щызэхэта Европей джэгуэхэм (Европэм и чемпионатуи щытам) дыщэ медалыр къыщихьащ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

• Дунейпсо Адыгэ Хасэ

ПІалъэ къыхэмыкІыу зэфІэгъэкІыпхъэ Іуэху

Вэсэмахуэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Іуэхущ Іапі эм зэІущ Іэ щхьэпэ щекІуэкІащ. Тыркум къикІыжу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуну, щылэжьэну, щеджэну къэкІуа ди лъэпкъэгъуэм яхуэзащ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ къэрал къулыкъущІапІэхэм я лІыкІуэхэмрэ. Ди лъэхэм къэкІуэжауэ щыІэхэм урысейтырку зэхущытыкІэхэр зэрызэІыхьам хъыхэкІыу я Іуэху зыІутымрэ ахэр зыгъэпІейтейхэмрэ утыку кърахьащ икІи къиинхэм я зэфІэхыкІэ хъуну къалъытэхэм и щхьэр течауэ тепсэлъыхьащ.

ЗэІущІэм хэтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, абы и куэдзэхэу **Бырсекъуэ Орфанрэ Нэщ Іэпыдж Замирэрэ**, ДАХ-м и Къэпщытакіуэ комиссэм и унафэщІ **Губэщ Іыкі Владимир**, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ Іэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм щІыналъэ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къуэжей Артём**, Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхуэхэмкіэ федеральнэ къулыкъущІапІэу КъБР-м щыІэм и къудамэм и унафэщІ **Іэрэмысэ Анзор** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Тыркум къикІыжауэ ди республикэм щыпсэу адыгэхэм я гуныкъуэгъуэхэм тепсэлъыхьащ **Бабыгу Эргун, Къэрабэ Чэмал, Кьейтыкъуэ Мухьэрэм, Тхьэмокъуэ Жанхъуэт** сымэ. Абыхэм кьыхагъэщащ Урысей Федерацэмрэ Тырку Республикэмрэ я зэхуакъуэхъуэ къаугъэм и зэранкІэ зэхэзехуэ ящІа зэрахэтыр, Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхуэхэмкіэ федеральнэ къулыкъущІапІэу КъБР-м щыІэм кьыхуагъэхьа письмохэм куэд зэригъэзэвар.

Іэрэмысэ Анзор къызэхуэсахэм яжриІащ республикэм зэрыщыпсэуп хабзэм къезэгъыу щытмэ, къэушащъэ зыщІа яхэмытмэ, щІэгъэвэн Іуэхум зэрыхэмыльыр, ауэ хабзэм ебэкъуахэм жэуап яхьын зэрыхуейр дыщІигъуащ. Нэхъыщхьэрати, Тыркум къикІыжауэ мыбы щыІэхэр республикэм е къэралым ирахужьну апхуэдэ унафэ зэрыщымыІэр ягуригъэІуащ.

Сэхъурокъуэ Хьэутий жиІащ апхуэдэхэм деж ди лъэпкъэгъуэхэм защІэгъэкъуэныр ДАХ-м и къэлэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр, цІыхухэм кьрахьэлІэ гуныкъуэгъуэхэр зэфІэхыныкІэ абы хэт дэтхэнэ зыри къызэрымыкІуэтынур, хабзэм къызэрыгъэувын тету Іуэхур зэфІэгъэкІынымкІэ сыт хуэдэ къулыкъущІэми зыкъыкъущІапІэми зыхуагъэзэну зэрыхъэзырыр.

Къызэхуэсахэр зэпсэлъа нэужь, комиссэ къызэрагъэпэщащ ди лъэпкъэгъуэхэр нобэ зыІуэу гукъеуэхэм фІыуэ щыгуаузэ цІыху зыбжанэрэ ДАХ-м и Хасащхьэм щыщ зытІущрэ хэту. А гупыр къэрал къулыкъущІапІэхэм ядэлэжьэнчэ, юрист Іуэхум хуэІэзэ уэчылхэри я Іуэсу. Комиссэм хэтхэр зэІущІэ нэужьым зэпсэлъащ, етІуанэ махуэм щеГъэжьауэ зиужь итыныгъэ зэпкърахащ. Губэщ Іыкі Владимир жиІащ Іуэхум пІалъэ къыхэбгъэкІ зэрымыхъунур, мы махуэ зыбжанэм я зэманри къарури абы хуэхьакІ зэрыхуейр.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

• Налшык

Жыгхэм яхуосакъ

Налшык къалэм жыгхэр щраупщІыкІыу уэзэрырихьэлІэм теухуауэ къалэдэсхэм тхьэусыхафэ куэд кьабгъэдокІ. А Іуэхум щыгъуаз дещІ Налшык псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и Управленэм и лэжьакІуэ Жанатаевэ Мадинэ:

Ди къалащхьэм и уэрамхэм, и утхэм, унэ зэтетхэм я бжэІупэхэм зы жыгри къыщраупщІыкІакъым икІи къыщрапущІыкІынукъым щІыпІэ адміни страцэм и арэзынырэ зэмылыу. Жыгхэр щІрахьи хуей щхьэусыгъуэхэр зыбжанэ мэхъу: жьы хъуамэ, ток кІапсэхэмкІэ зэранмэ, хуит ящІауэ унэ е Іуэхущ Іапі э ухуэныгъэхэр щекІуэкІынум и деж щытмэ. Абы щыгъуэми къэпщытакІуэ комиссэм и псалъэ хэмылъу зыри ящІэркъым. КъыхэгъэщІыпхъэщ ираупщІыкІа зы жыгым и пІэкІэ щІэуэ зыбжанэ зэрыхасэжри. Къапщтэмэ, илъэс блэкІам жыг 487-рэ ирахати, абы и пІэкІэ 1385-рэ хасэжащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Иджы Китайр

Китайр яхыхьэнкІэ хъунущ «Ислъам къэралыгъуэм» пэщІэт дзэхэм. КНР-м и унафэщІхэр егъэгузавэ китайхэм ящыщ щхьэ ГИЛ-м и зауэлІхэм зэрыгугъэхэм.

США-р зи унафэщІ коалицэм Китайр якъуэувэнкІ фІэщущІыгъуейуэ къалъытэ политологхэм. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, зи кхъухьлъатэхэр Сирием щызауэ Урысейрщ абы гъусэу нэхъ къищтэнур.

Хуэхьэзыру щытын папщІэ

УФ-м и Президент Путин Владимир Правительствэм къалэн щищІащ урысей экономикэм и зыужьынымгъэм зэрызихъуэжькІэ хъунухэр кьилъытэну, ахуэдэуи щыдагъэм и уасэр зэпымыууэ я нэІэм щІагъэтыну.

«А лэжьыгъэр икъуэкІ мыхьэнэшхуэ зиІэщ икІи сэ сыщыгъуазэщ Правительствэр абы иужь зэритым. Щытыкіэм сыт хуэдэу зимыхъуэжми, къэралыр абы хуэхьэзыру щытын хуейщ», - къыхигъэщащ къэралым и Президентым.

♦Урысей Федерацэм Следствиемкіэ и комитетыр къыщызэрагъэпэща мазэ (2011 гъэм)

♦Википедием - Интернеткіэ къагъэсэбэп щІэнгъуэзэм - лэжьэн щыщІидза мазэщ

♦Хорватиер къэрал щхьэхуэу къыщалъыта мазэщ (1992 гъэм)

♦1897 гъэм Урысейм дыщэ ахъшэм щызэкІуэу щІидзащ. Сомыр дуней псом валютэ нэхъ лъэщ дыдэ щыхъуат.

♦1943 гъэм Пентагоныр - США-м зыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм и унэр - ухуэн яухащ.

♦1955 гъэм Китайм и Іэтащхьэхэм унафэ къащтащ езыхэм я ядернэ Іэщ Іэхэр ящыныкІ теухуауэ.

♦2006 гъэм Чилим щыяпэу а къэралым и президенту цІыхубз хахауэ щытащ. Ар Бачелет Мишелщ, 2014 гъэм и гъатхэпэм и 11-м ар етІуанэу а къулыкъум хахьжауэ мэлажьэ.

♦Франдзыч драматург-комедиограф, актёр **Мольер Жан** къызэралъхурэ илъэс 394-рэ ирокъу.

♦Урысей дипломат, драматург, усакІуэ **Грибоедов Александр** къызэралъхурэ илъэс 221-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакІуэ, композитор, Іуэрыіуатэдж **Кубэ Шэбан** къызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокъу.

♦Урыс усакІуэ, тхакІуэ, зэдзэкІакІуэ, критик **Мандельштам Осип** къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу.

♦Къэрал, политикэ лэжьакІуэ **Ахъуэхъу Аслъэнбий** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Актёр, режиссёр, СССР-м и цІыхубэ артист, Хэку заслужденнэ **Весник Евгений** и ныбжьыр илъэс 93-рэ ирокъу.

♦США-м цІыху зэхэгъэж щымыгъэІэным и бэнакІуэ лъэщу, зи фэр фІыцІэхэм я къыщыхьащыжакІуэу щыта, Нобель и саугъэтым и лауреат **Кинг Мартин Лютер** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Пшынаеу Іэзэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артисткэ **Бырмамыт Гуащэкъарэ** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦КъШР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, тхакІуэ, Іуэрыіуатэдж, жылагъуэ лэжьакІуэ **Шэрджэс Алий** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и корректор **Щоджэн Иннэ** къыщыалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пщэдджыжьым уэс тІэкІу къыщесынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 4, жащым 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Блэкіа хабзэжьым укъемыкъуж.

Щыуагъэр зыдогъэзэхуэж

Ди газетым и 3-нэ номерым и япэ напэкІуэцІым Шэджэм муниципальнэ районым щыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ и советым иригъэкІуэкІа зэІущІэм теухуауэ тет тхыгъэм ар зыгъэхьэзырам и зэранкІэ щыуагъэ кІуащ. Район администрацэм и Іэтащхьэм и къулыкъур зи пщэ ираІьхьам и цІэр-уэсым псалъащхьэми адэкІэ тхыгъэми кьыззыщІеджэн хуейр «Текіуэ Артур Александр и къуэр» жиІэщ.

Унафэм и Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр

«Шынагъэкіэ мылъку къытезыхэм яхуэгъэзэ суд практикэм и Іуэхукіэ» 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм и Пленумым къищта Унафэ №56-м (Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 163-нэ статьяу) щыгъэхуагъэкіуащ шынагъэкіэ мылъку къеІыгъыхэм я угроловнэ Іуэхуэм судхэр щыхэплъэкіэ къэув упщІэхэм ятеухуа гурыІуэныгъэхэр.

КЪАПЦІТЭМЭ, хамэ мылъкур къытезыхыным, нэгъуэщІ мылъку зэхущытыкІэхэр зыІэщІэгъэхьэным, апхуэдэу цІыхур гъэшынэным екъэлІа хьэгъэщагъэхэр УФ-м и УК-м и 163-нэ статьям къыщыгъэлъэгъуа шынагъуэ зыплъыть щІэпхъаджагъэу къалЫтэ.

Мылъкур зыІэщІэлъым (псалъэм папщІэ, мылъкур зыхъумэм, и кІулъкъукІэ ар зэгъэбыдыІам е и щхьэкІэ Іуэху хузиІэхэм) фэбжь традзэмэ, хэщІыныгъэ иратмэ, апхуэдэу ягъэпудмэ, мылъкур зейм е хабзэкІэ зыбгъэдэкъым. Лей зытехьам зэпымыуэу мылъку къыІэщІагъэкІмэ (къапщтэмэ, мазэ къэс ахъшэ бжыгъэ гуэр), ари щІэпхъаджагъэ щхьэхуэу къалЫтэ.

Шынагъэкіэ мылъкур кІэухущагъэ пыщІа уголовнэ Іуэхуэм щыхэплъэкІэ судхэм чэнджэщ ират щІэпхъаджагъэ къызыхэкІыр, цІыхуэм я хуитынигъэхэр къыщІыззпауд, нэгъуэщІ законхэр щІамыгъэзащІэ щхьэусыгъуэхэр зыхуэфащэ Іэнатіэхэмрэ къулыкъущІахэмрэ гу лърагъэтэну.

Мы Унафэм ипкъ итКІэ, «Шынагъэкіэ мылъку къытезыхьхэм яхуэгъэза суд практикэм и Іуэхукіэ» 1990 гъэм накъыгъэм и 4-м, «Шынагъэкіэ мылъку къытезыхэм яхь жэуапымкІэ хабзэр зэрыгъэзащІапхъэм теухуауэ Урысей Федерацэм и Суд Нэхъыщхьэм и Пленумым и хэзыгъэгъуаззм и Іуэхукіэ» 1992 гъэм шыщхьэуІум и 18-м УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм и Пленумым къищта Унафэ №3-мрэ №10-мрэ къару яІэжкъым.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

• КъБР-м и прокуратурэм

Хъыбарыфіхэр илъэсыщіэм нэхъыбэну

Псалъэм и къарур нэсу зыхэзыщІэ, хъыбар пэж цІыхубэм я деж нэзыхьэс Іэщ1агъэлІэхэм ящыщщ газетхэр, журналхэр, тхылъхэр къыдэзыгъэкІэри. Ди газетымкІэ щыгъуазэ фызэрытщІащи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и журналистхэм Урысей печатым и махуэм къаІущІащ республикэ унафэщІэхэр икІи я лэжьыгъэм хуэфащэ гулъытн къыхуащІащ.

ПСАЛЪЭР хуиту къыщыбгъэсэбэп ди зэманым дунейм къыщекІуэкІыу хьуар шэрыуэу къигъэлъэгъуэныр арагъэнщ журналистым и ипэ къалэныр. Абы и Іуэху елтыкІэщІэр хилъхьэжмэ, и Іэщ1агъэм зэфІэкІ щеГъуэт. Ахэр кІыхагъэщыт зэІущІэм къыщыпсэльа псоми.

Зи махуэр зыгъэлъапІэхэм ехьуэхьащ КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ институтхэм зегъэужьыныкІэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Пащты Борис**. Абы къыхигъэщащ журналистикэр зи Іэщ1агъэхэм я гуащІэр зэрыиныр икІи дэтхэнэми пщІэ зэрахущІыр. «Ди зэрыт лъэхъэнэр мытыиц дыдэми, фи псалъэр зэрыбгъэІум куэдкІэ елъытащ жылагъуэ гъащІэр ди цІыхубэм мамыру ирахьэкІныныр. Псалъэ гуапэр нэхъыбэру, ар фІым я фІыкъым телэжьэнущ, зэгурыІуэ щыІэнущ», - жиІащ Пащтым.

- Ди ныбжьэгъу лъапІэхэ! КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм бжьыгъэкІыу си гуапэу сынывохъуэхъу фи Іуэху бгъэдыхьэкІэм зэпымыуэу хэвгъахьуэу, узыншагъэ фиІэу цІыхубэм фахуэлэжьэну, - захуигъэзащ къызэхуэсахэм КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр **Штэ Ирмэ**. - Ди гъуэсэ фэ къалэн мытыиц фогъэзащІэ. ЩІэныгъэр псоми я щІэдзапІэщи, цІыхубэр зыхуэныкъуэ хъыбарыщІэкІэ, Іуэху елтыкІэкІэ, сэбэп яхуэхъуэ куэдкІэ фадогуашэ. Абы и лъэныкъуэкІэ фІыщІэ фхуэфащэщ.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдини** ехьуэхьащ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм. Абы къыхигъэщащ журналистхэм цІыхубэмрэ властымрэ зэрызэпащІэр, я гупсысэр зыр адрейм деж зэрынахьэсыфыр, республикэр ефІэкІуэн папщІэ апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм мыхьэнэщхуэ зэриІэр. Я лэжьыгъэм зэфІэкІ яІэу бгъэдэт зыбжанэм Къумахуэ Мухьэдин щыхъ тхылъхэр яритащ, ди гуапэ зэрыхъунщи, абыхэм ящыщщ «Адыгэ псалъэм» щэнхабзэмкІэ и къудамэм и унафэщІ **Щхьэщэмыщ Иэз**. «Адыгэ псалъэм» жэуап зыхь и секретарь **Гъурыжь Мадинэ** КъБР-м Статистикэмкіэ и къэрал комитетым и ЩІыхь тхылъ къыхуагъэфэщащ. КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и ЩІыхь тхылъыр ирагащ «Адыгэ псалъэм» экономикэмрэ кІуачэ Іуэхуэмкіэ и къудамэм и унафэщІ, иджыблагъэ зи илъэс 60-р зыгъэлъэпІа **Хьэжыкъарэ Алик**, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и щІыхь тхылъхэр ирагащ **Жылаго Маритэрэ** (газетым егъэджэнэ гъэмрэ щІэныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІщ) **Текіужь Заретэрэ** (корреспондентщ).

КъБР-м промышленностымрэ сатумкІэ и министр **Гуэбэшы Залымджэрий** кІыхьгъэщащ печатым щылажьэ дэтхэнэми и Іэнатіэр зэрыгугъур, псом хуэмыдэу къэралым и социальнэ Іуэхуэр зэтеубла хьунымкІэ, политикэр къэгъэлъэгъуэныкІэ жэуаплныгъэшхуэ я пщэ кІыхьэрдэхуэр. ЕхъулІэныгъэр унагъуэ насыпрэ щымыщІэну министрыр ехьуэхьащ Іэщ1агъэлІэхэм.

Илъэсыщ1эр хъыбарыфІрэ цІыхум ялэжьыкнІэ бей хъуну зэрагуапэр кІыхагъэщащ зэхуэсым крихьэлІа дэтхэнэми. Къэбэрдей-Балъкъэрым и кІулъкъущІэхэм зэрыщІэпещэ. «Отбор» ИПА-р нартыху селекцэмкІэ Зззыгъэуіу советым, «Нартыхугъэкіэхэмрэ нартыху жылапхъэхэмрэ я лъэпкъ зэгухьэныгъэм» хэтщ. Урысей Федерацэм и щІэныгъэ Іуэхущ1апІэ пщыкІублым, къапщтэмэ, нартыхуумкІэ ВНИИ-м, Краснодар дэт НИИСХ-м, ВНИИК-м и Воронеж къудамэм, ВНИИЗБК-м, Сербием мэкъумэш, хадзэкІ къэкІыгъэхэмкІэ и институтым жыджэру ядолажьэ.

- ЩІэныгъэр и лъабжьэу агрофирмэм селекцэм и программэр егъэхьэзыр, псалъэм папщІэ, мэкъумэш къэкІыгъэхэмрэ жылапхъэхэмрэ зэрагъэунэху Іэмалхэр еубзыух. А лэжьыгъэр еунэтІ жылапхъэгъэкІ пашэ, фирмэм и къызэгъэпэщакІуэхэм ящыщ зы, абы и унафэщІым щІэныгъэ Іэхуэхьэмкіэ и къудэз Іэбубэчыр Руслан. Къэбэрдей-Балъкъэрым нартыху жылапхъэхэм зэрыщелэжьым теухуа «Губгъуэм и махуэ» зыфІэтща зэІущІэр илъэс къэс идогъэкІуэкІ. Нартыху, сэхуран гибрид нэхъыфІхэмрэ ди мэкъумэш техникэмрэ абыхэм щыдогъэльэгъуэ, къытхуеблагъэкэр ди лэжьыгъэм кІэльыдогъэплъ, ди ехьулІэныгъэхэм хьдогъэгъуазэ, - жеІэ Джыназ Расул.

Жылапхъэхэмрэ гибридхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыпІэхэм, къапщтэмэ, Прохладнэ щІынальэм зэрыщезэгъыр ягъэунэхуурэ, нэгъуэщІ къэралхэмрэ Урысеймрэ я селекционерхэм я къэхутэныгъэхэр агрофирмэм и Іэщ1агъэлІхэм хьыджэру къаГъэсэбэп. Абы и зы щапхъэщ Франджым и По къалэм мэкъумэш къэкІыгъэхэмкІэ и департаментым и унафэщІ Паэбу Франсуа я пашэу «Евралис Семанс» фирмэм и лІыкІуэхэр къазэрыхуеблэгъар, нартыху гибридхэр зэрагъэунэху, къестпщІыкІхэм зэрыкІэльыплъ Іэмалхэр яфІэщІэщІыгъуэу зэраджар. Франджымрэ Урысеймрэ я нартыху жылапхъэхэм зэкІынигъэрэ зэщхьэщыкІныныгъэу яІэхэр зэпкъраха нэужь, гибрид жылапхъэ хьэзыфІ зэрыщелэжьым теухуа «Губгъуэм и махуэ» зыфІэтща зэІущІэр илъэс къэс идогъэкІуэкІ. Нартыху, сэхуран гибрид нэхъыфІхэмрэ ди мэкъумэш техникэмрэ абыхэм щыдогъэльэгъуэ, къытхуеблагъэкэр ди лэжьыгъэм кІэльыдогъэплъ, ди ехьулІэныгъэхэм хьдогъэгъуазэ, - жеІэ Джыназ Расул.

Жылапхъэхэмрэ гибридхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыпІэхэм, къапщтэмэ, Прохладнэ щІынальэм зэрыщезэгъыр ягъэунэхуурэ, нэгъуэщІ къэралхэмрэ Урысеймрэ я селекционерхэм я къэхутэныгъэхэр агрофирмэм и Іэщ1агъэлІхэм хьыджэру къаГъэсэбэп. Абы и зы щапхъэщ Франджым и По къалэм мэкъумэш къэкІыгъэхэмкІэ и департаментым и унафэщІ Паэбу Франсуа я пашэу «Евралис Семанс» фирмэм и лІыкІуэхэр къазэрыхуеблэгъар, нартыху гибридхэр зэрагъэунэху, къестпщІыкІхэм зэрыкІэльыплъ Іэмалхэр яфІэщІэщІыгъуэу зэраджар. Нартыху жылапхъэу тонн минитІым нэблагъэ, бжьыхьэсэ гуэдзу тонн минищ гъэкІэ къыдохьэлІэ икІи республикэм щыдощэ. Нартыху гибрид лъэпкъхэр Урысейм и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм - Тэн Іус Ростов къыщыщІэдзауэ Алтай краймэ нэс яхудогъашэ. Хэпльыхьауэ дгъэунэхуа «Диана», «Дарина», «Родник-179», «Родник-180», «Родник-292», «Ирида», «Алина» жылапхъэщІэхэм хуэдэу тонн щибл «Къэббалъкъгибрид» ОАО-м щызэпедгъэдзауэ, Владимир, Свердловск, Калугэ, Тулэ, Рязань, Ростов областхэм я гъавэгъэкІэм яхдоуТІыпщ. Кавказ Ищхьэрэм и бджэндыдылажьэхэм я лъэІукІэ къэдгъэкІащ «Стелла» зыфІэтща, нэхъ кІасэу хъу гибридыщІэ. Абыр нартыху Іэфі лІэужьыгъуэхэмрэ дыщелэжь хьэсэхэм дяпэкІэ кьахэдгъэхъуэнущ, - къиГъэльэгъуащ агрофирмэм и унафэщІым.

«Отбор» ИПА-м и щІэныгъэлІхэмрэ Китайм и нартыхугъэкІхэмрэ зэпыщІэныгъэфІ зэхуаІэщ. Іэбубэчыр Руслан я пашэу, агрофирмэм и Іэщ1агъэлІ гуп мы махуэхэм а къэралым кІуэнущ, хэгъэрейхэм я лэжьыгъэм кІэльыплъынущ, я къэхутэныгъэщІэхэр яджынущ, апхуэдэ Іуэхуэ кІэ етІанэгъэ Аргентинэм ежьэнущ.

- НэгъуэщІ щІыпІэхэм кърашу щыта жылапхъэхэм дыдейхэр йофІэкІ. Абы и щІыхьэщ къэдгъэкІ, дгъэунэху лІэужьыгъуэхэмрэ гибридыщІэхэмрэ щІэупщІэ зэраІэр, къыддэлажьэну хуейхэр нэхъыбэ зэрыхъур. Илъэсыр хъарзынэу кьетхьэлІащ, абы зэрыпытщэныи, ди зэфІэкІым зэрыхэдгъэхъуэным дяпэкІи дыхущІэкъунущ, - жеІэ Джыназ Расул.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

• Жылапхъэхэр

ЕхъулІэныгъэм и хэкІыпІэр

Іэбубэчыр Руслан нартыху гибридхэр щагъэунэху хьэсэм

«Отбор» инновацэ-производственнэ агрофирмэр къыззрызэрагъэпэщІрэ мы махуэхэм илъэс 25-рэ ирокъу. А зэманым хэриуубыдэу зэлэжьыр нартыху гибридыщІэхэр къэгъэхъуныщ. Абы папщІэ, жылапхъэхэр, хьэсэ зэхахэр, къэкІыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр ягъэунэху. Агрофирмэм и Іуэхуэр еунэтІ нартыхумкІэ Урысейпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и Къэрал щагъэунэху станцым жылапхъэхэмкІэ и къудамэм илъэс 17-кІэ щылэжьа Джыназ Расул.

ПРОХЛАДНЭ муниципальнэ щІынальэм хьыхэ Комсомольскэ къуажэм 1999 гъэм и мэлыжьыхь лъандэрэ ар зи унафэщІ гупым къэхутэныгъэхэм щыпещэ. «Отбор» ИПА-р нартыху селекцэмкІэ Зззыгъэуіу советым, «Нартыхугъэкіэхэмрэ нартыху жылапхъэхэмрэ я лъэпкъ зэгухьэныгъэм» хэтщ. Урысей Федерацэм и щІэныгъэ Іуэхущ1апІэ пщыкІублым, къапщтэмэ, нартыхумкІэ ВНИИ-м, Краснодар дэт НИИСХ-м, ВНИИК-м и Воронеж къудамэм, ВНИИЗБК-м, Сербием мэкъумэш, хадзэкІ къэкІыгъэхэмкІэ и институтым жыджэру ядолажьэ.

- ЩІэныгъэр и лъабжьэу агрофирмэм селекцэм и программэр егъэхьэзыр, псалъэм папщІэ, мэкъумэш къэкІыгъэхэмрэ жылапхъэхэмрэ зэрагъэунэху Іэмалхэр еубзыух. А лэжьыгъэр еунэтІ жылапхъэгъэкІ пашэ, фирмэм и къызэгъэпэщакІуэхэм ящыщ зы, абы и унафэщІым щІэныгъэ Іэхуэхьэмкіэ и къудэз Іэбубэчыр Руслан. Къэбэрдей-Балъкъэрым нартыху жылапхъэхэм зэрыщелэжьым теухуа «Губгъуэм и махуэ» зыфІэтща зэІущІэр илъэс къэс идогъэкІуэкІ. Нартыху, сэхуран гибрид нэхъыфІхэмрэ ди мэкъумэш техникэмрэ абыхэм щыдогъэльэгъуэ, къытхуеблагъэкэр ди лэжьыгъэм кІэльыдогъэплъ, ди ехьулІэныгъэхэм хьдогъэгъуазэ, - жеІэ Джыназ Расул.

- Мы илъэсым щегъэжьауэ гъашэр пызыупщІ «Кастрикс» машинэр ядогъэсэбэп. Нэхъапэм, гуГъу дыдехьу, ар Іэкіэ кьыдэтчырт. Кьэдгъэкіэхэм кууэ дыщелэжь, ахэр щыдгъэгъущ завод, жылапхъэхэр зыгъэкьабзэ, зэпэзыдз аэродинамикэ Іэмэпсымэхэр, тонн минихым нэс зыщІэхуэну хъумапІэ зэпэщ диІэщ. Нартыху жылапхъэу тонн минитІым нэблагъэ, бжьыхьэсэ гуэдзу тонн минищ гъэкІэ къыдохьэлІэ икІи республикэм щыдощэ. Нартыху гибрид лъэпкъхэр Урысейм и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм - Тэн Іус Ростов къыщыщІэдзауэ Алтай краймэ нэс яхудогъашэ. Хэпльыхьауэ дгъэунэхуа «Диана», «Дарина», «Родник-179», «Родник-180», «Родник-292», «Ирида», «Алина» жылапхъэщІэхэм хуэдэу тонн щибл «Къэббалъкъгибрид» ОАО-м щызэпедгъэдзауэ, Владимир, Свердловск, Калугэ, Тулэ, Рязань, Ростов областхэм я гъавэгъэкІэм яхдоуТІыпщ. Кавказ Ищхьэрэм и бджэндыдылажьэхэм я лъэІукІэ кьэдгъэкІащ «Стелла» зыфІэтща, нэхъ кІасэу хъу гибридыщІэ. Абыр нартыху Іэфі лІэужьыгъуэхэмрэ дыщелэжь хьэсэхэм дяпэкІэ кьахэдгъэхъуэнущ, - къиГъэльэгъуащ агрофирмэм и унафэщІым.

«Отбор» ИПА-м и щІэныгъэлІхэмрэ Китайм и нартыхугъэкІхэмрэ зэпыщІэныгъэфІ зэхуаІэщ. Іэбубэчыр Руслан я пашэу, агрофирмэм и Іэщ1агъэлІ гуп мы махуэхэм а къэралым кІуэнущ, хэгъэрейхэм я лэжьыгъэм кІэльыплъынущ, я къэхутэныгъэщІэхэр яджынущ, апхуэдэ Іуэхуэ кІэ етІанэгъэ Аргентинэм ежьэнущ.

- НэгъуэщІ щІыпІэхэм кърашу щыта жылапхъэхэм дыдейхэр йофІэкІ. Абы и щІыхьэщ къэдгъэкІ, дгъэунэху лІэужьыгъуэхэмрэ гибридыщІэхэмрэ щІэупщІэ зэраІэр, къыддэлажьэну хуейхэр нэхъыбэ зэрыхъур. Илъэсыр хъарзынэу кьетхьэлІащ, абы зэрыпытщэныи, ди зэфІэкІым зэрыхэдгъэхъуэным дяпэкІи дыхущІэкъунущ, - жеІэ Джыназ Расул.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

• Школ хъыбархэр

Зэхыхьэ щхьэпэ

Урысейм и МВД-м и Краснодар университетым щІэныгъэм щыхагъахьуэ и Кавказ Ищхьэрэм институтым иджыблагъэ ящащ Налшык дэт 11-нэ курыт школым и 6-нэ классым щеджэжэр. Ахэр щыгъуазэ ящІащ полицэм хэтхэм жэуаплныгъэ ин зэрахьым, абы хьыхьэну хуейхэм яджыпхъэ-ящІапхъэхэм щытепсэлъыхьахэщ. Жужькіэ еджакіуэхэр стадионым, шхапІэм, музейм ящащ, зыщгъэлъпІыхьахэщ. Сабийхэр зыщІэупщІа псоми жэуап нэс ираташ.

ЗЭХЫХЬЭ къызэрагъэпэщащ 11-нэ школым и унафэщІым и къудэз Курдановэ Ольгэрэ юридическэ щІэныгъэхэм я кандидат Шорэ Аликрэ.

- Ди пщэдэйр зыщыгугъыр фэращи, фызэхущІемыгъуэжьи гъуэгу дахэ фызэрытехьэным фыхущІэкъу, фІыуэ фызэреджэным, фи адэ-анэхэм фахуэфащэу дунейм фызэрытетыным фытелажьэ, - жиІащ Урысейм и МВД-м и Краснодар университетым и Налшык къудамэм и унафэщІ юридическэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м къэрал кІуэцІ Іуэхуэкіэ и органхэм щыхьэ зиІэ я лэжьакІуэ, полицэм и полконик Щхьэгъэпсэо Заурбий.

Абы къехъулІащ зи унафэщІ Іуэхущ1апІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зэхъуэкІыныгъэхэр иригъэгъуэтыну. Абы и щІыхьэтщ зэрагъэпэщыжа еджапІэ корпусиплІыр, футбол щыджэгу губгъуэшхуэр, стадионыр, нэгъуэщІ куэдри.

ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэ.

Хэхьныгъэмкіэ хуитныныгъэм теухуа «Си хэхьныгъэр» газет нэхъыфІыр къыхэхьным хуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и курыт еджапІэхэм я класс нэхъыжьхэм щІэсхэм я деж щрагъэкІуэкІа республикэ конкурсым къарикІуахэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2015 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м Налшык къалэ №124/3-5

Хэхьныгъэмкіэ хуитныныгъэм теухуа «Си хэхьныгъэр» газет нэхъыфІыр къыхэхьным хуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и курыт еджапІэхэм я класс нэхъыжьхэм щІэсхэм я деж щрагъэкІуэкІа республикэ конкурсым (адэкІэ - Конкурс) и Положенэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым 2015 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м зэщІыгъуу кьыдагъэкІа Унафэ №122/9-5-мкІэ кьащтам, апхуэдэу конкурсым къарикІуахэр кьызэрипщІэжам теухуауэ республикэ комиссэм 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м итха протокол №1-м ялъэ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Ялъэ увыпІэр хуэгъэфэщэн, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и дипломыр етын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Аруан муниципальнэ районым щыІэ «Къэхъуи къуажэм и курыт еджапІэ №2» муниципальнэ щІэныгъэ Іуэхущ1апІэм кьыдигъэкІа «Си хэхьныгъэр» газетым и редакцэм.

2. ЕтІуанэ увыпІэр хуэгъэфэщэн, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и дипломыр етын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Май муниципальнэ районым и «Май къалэм дэт гимназие №1» муниципальнэ еджапІэм кьыдигъэкІа «Гимназия Плюс» газетым и редакцэм.

3. Ещанэ увыпІэр хуэгъэфэщэн, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и дипломыр етын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Налшык къалэм щыІэ «Предмет щхьэхуэхэр нэхъ кууэ щрагъэдж курыт еджапІэ №6» муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ1апІэм кьыдигъэкІа «Си хэхьныгъэр» газетым и редакцэм.

4. Лэжьыгъэм творческэу зэрыбгъэдыхьам папщІэ саугъэтхэр етын:

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Бахъсэн къалэм щыІэ «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ курыт еджапІэ №8» муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ1апІэм кьыдигъэкІа «Си хэхьныгъэр» газетым и редакцэм;

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Прохладнэ муниципальнэ районым щыІэ «Екатериноградскэ станицэм дэт курыт еджапІэ» муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ1апІэм кьыдигъэкІа «Школ хъыбархэр» газетым и редакцэм;

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Прохладнэ къалэм дэт «Гимназие №2» муниципальнэ Іуэхущ1апІэм кьыдигъэкІа «Си хэхьныгъэр» газетым и редакцэм;

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Тэрч муниципальнэ районым и «Тэрч къалэм дэт курыт еджапІэ №3» муниципальнэ Іуэхущ1апІэм кьыдигъэкІа «Уи хэхьныгъэр» газетым и редакцэм;

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Шэджэм муниципальнэ районым щыхьэ Пашынкьэй къуажэм дэт «Къуэныкуей Н. Т. и цІэр зезыхьэ курыт еджапІэ №91» муниципальнэ Іуэхущ1апІэм кьыдигъэкІа «Си хэхьныгъэр» газетым и редакцэм.

5. Конкурсым жыджэру хэтахэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и фІыщІэ тхыгъэхэмрэ фэеплъ тыгъэхэмрэ етын.

6. Конкурсым хэтахэмрэ абы щытекІуахэмрэ дипломхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ 2015 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм етыжьын.

7. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и аппаратым планхэр зэхэлъхьэныкъэ бухгалтер учётымкІэ и къудамэм хуэгъэувын Конкурсыр егъэкІуэкІыным текІуадэ ахьшэр хэхакіуэхэм (референдумым хэтхэм) я правовой зэхэщІыкІыр кьэІэтыныкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэхьныгъэхэмрэ референдумхэмрэ кьыщызэзыгъэпэщхэр егъэджэныкІэ лэжьыгъэхэм 2015 гъэм хухаха ахъшэм къыхигъэкІыну.

8.Мы Унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм кьытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм Интернетым щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Хэхьныгъэмкіэ хуитныныгъэм, хэхьныгъэ лэжьыгъэм, хэхакіуэхэм (референдумым хэтхэм), къэрал властым и органхэм, щІыпІэ унафэр, зезыгъакіуэ органхэм хэхьныр Урысей Федерацэм къыщыззэзыгъэпэщхэм, хэхьныгъэ пыухыкІахэм хэтхэм я правовой, политикэ зэхэщІыкІым хэгъэхъуэным теухуа лэжьыгъэ нэхъыфІхэр къыхэхьныныкІэ Урысейпсо конкурсыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щегъэжьагъэ щыхэплъэкІа

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2015 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м Налшык къалэ №124/4-5

Хэхьныгъэмкіэ хуитныныгъэм, хэхьныгъэ лэжьыгъэм, хэхакіуэхэм (референдумым хэтхэм), къэрал властым и органхэм, щІыпІэ унафэр, зезыгъакіуэ органхэм хэхьныр Урысей Федерацэм къыщыззэзыгъэпэщхэм, хэхьныгъэ пыухыкІахэм хэтхэм я правовой, политикэ зэхэщІыкІым хэгъэхъуэным теухуа лэжьыгъэ нэхъыфІхэр къыхэхьныныкІэ Урысейпсо конкурсыр теухуа Положенэм (адэкІэ - Положенэ), Урысей Федерацэм и Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм 2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 11-м кьыдигъэкІа Унафэ №314/1801-6-мкІэ кьащтам, тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Хэхьныгъэмкіэ хуитныныгъэм, хэхьныгъэ лэжьыгъэм, хэхакіуэхэм (референдумым хэтхэм, къэрал властым и органхэм, щІыпІэ унафэр, зезыгъакіуэ органхэм хэхьныр Урысей Федерацэм къыщыззэзыгъэпэщхэм, хэхьныгъэ пыухыкІахэм хэтхэм я правовой, политикэ зэхэщІыкІым хэгъэхъуэным теухуа лэжьыгъэ нэхъыфІхэр къыхэхьныныкІэ Урысейпсо конкурсыр теухуа Положенэм (адэкІэ - Конкурс) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щегъэжьагъэ щыхэплъэкІа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ №314/1801-6-мкІэ кьащтам, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм ящІыгъуу ящІыгъуу къыззгъэпэщын Конкурсым теухуа Положенэм тету.

2. Конкурсым къарикІуахэр къэзыпщытэжыну комиссэ кьызэгъэпэщын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм яхуэгъэувын Конкурсым къарикІуахэр къэпщытэжыныкІэ республикэ комиссэр хэплъэн икІи зыхуэфащэу къиІыытэхэр кьыхихын папщІэ конкурсым хагъэхьэну лэжьыгъэхэр 2016 гъэм мазаем и 16 пщІондэ иратыну.

4. Конкурсым къарикІуахэр кьэпщытэжыныкІэ республикэ комиссэм хуэгъэувын Конкурсым къарикІуахэм ятеухуа материалхэр 2016 гъэм мазаем и 25 пщІондэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм иритыну.

5. Мы Унафэмрэ Конкурсым теухуа Положенэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм яхуегъэхьын.

6. Мы Унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм кьытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм Интернетым щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ